

## **IMMIGRANT SAFETY AND EMERGENCY PLANNING PLAN SEKIRITE AK PLAN DIJANS POU IMIGRAN**

There is a lot of anxiety and fear because of the government threat of mass deportations. This packet helps parents create a legal plan for the care of their children should they be detained or deported. This packet has 3 sections:

Gen anpil enkyetid ak laperèz akòz gouvènman an menase pou li fè depòtasyon an mas. Pake sa a ede paran yo kreye yon plan jiridik pou pran swen pitit yo si yo ta arete oswa depòte yo. Pake sa a gen 3 seksyon:



**Power of Attorney Forms  
Fòmilè Pwokirasyon**



**Other Safety Planning  
Lòt Plan Sekirite**



**Know Your Rights  
Konnen Dwa Ou Yo**

This document is not legal advice. It only gives general information. This packet is made under Indiana law and for people who reside in Indiana. If you and your child reside in another state, do not use this packet.

Dokiman sa a pa konsèy jiridik. Li sèlman bay enfòmasyon jeneral. Pake sa a fèt dapre lwa Indiana a ak pou moun ki rete nan Indiana. Si ou menm ak pitit ou rete nan yon lòt eta, pa itilize pake sa a.



# Power of Attorney Forms Fòmilè Pwokirasyon



*Nan lang Kreyòl Ayisyen: Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo nan lang Kreyòl Ayisyen nan paj ki annapre a.*

## **What do these forms do?**

These documents let you name a person who will care for your children if you become detained or deported. Indiana law calls this person an attorney-in-fact. Most people also call them their “POA.”

These forms let you say who has the right to act as your child’s parent until your child is 18 years old or you can take care of your child again. The POA has the to make decisions for your child like getting medical care, schooling. The POA has the responsibly to care for your child day to day by giving them a safe place to live, feeding, and clothing them.

These forms do not create a legal guardianship for your child . That is called a minor guardianship and is something only a court can do. Information about that is at <https://indianalegalhelp.org/legal-topic-category/minor-child-guardianship/>

## **Do you need these forms?**

You may need these forms if you want to control who will take care of your child if you cannot take care of them.

If both of your child’s parents could be detained or deported, then each parent should sign a Power of Attorney document. It is best if both parents say the same person will be their attorney in fact.

You don’t need these forms if your child’s other parent is a US Citizen or is not at risk of deportation or detention **and** has custody or parenting time (also called visitation) with your child. This is because the law says your child’s other parent will have custody of your child, unless there is a court order saying different.

You may also need these forms if there is no other parent listed on the child’s birth certificate, no person has signed a paternity affidavit, or if a court has not said who the other parent is. A court would say that in a custody order, a divorce decree, a visitation order, or an adoption decree.

## **Who should I name as my attorney-in-fact/POA?**

The person you choose should be someone you know and trust to provide proper care for your child. Make sure you talk to the person you want choose to see if that person is willing and able to care for your child.

## **If I sign these forms, will I lose custody of my children?**

NO. The documents only allow the other person to care for your children if you become detained or deported. You can cancel or revoke these documents later.



# Power of Attorney Forms Fòmilè Pwokirasyon



## **Poukisa fòmilè sa yo la?**

Dokiman sa yo pèmèt ou deziyen yon moun ki pral pran swen pitit ou yo si yo arete w oswa depòte w. Lwa Indiana rele moun sa a yon mandatè. Majorite moun rele yo tou “POA” yo.

Fòmilè sa yo pèmèt ou di kiyès ki gen dwa aji kòm paran pitit ou a jiskaske pitit ou a gen 18 lane oswa jiskaske ou ka pran swen pitit ou a ankò. Se dwa POA a pou li pran desizyon pou pitit ou a tankou jwenn swen medikal, lekòl. Se responsablite POA a pou l pran swen pitit ou chak jou lè li ba li yon kote ki an sekirite pou l viv, lè li ba l manje, ak lè li abiye l.

Fòmilè sa yo pa kreye yon titèl legal pou pitit ou a. Yo rele sa titèl yon minè epi se sèlman yon tribinal ki kapab fè sa. W ap jwenn enfòmasyon sou sa a nan <https://indianalegalhelp.org/legal-topic-category/minor-child-guardianship/>

## **Èske w bezwen fòmilè sa yo?**

Ou ka bezwen fòmilè sa yo si ou vle kontwole ki moun ki pral pran swen pitit ou a si ou pa kapab pran swen l.

Si toude paran pitit ou a sou risk pou yo arete oswa depòte yo, nan ka sa chak paran ta dwe siyen yon dokiman Pwokirasyon. Li pi bon si toude paran yo deklare ke se menm moun nan k ap mandatè yo.

Ou pa bezwen fòmilè sa yo si lòt paran pitit ou a se yon Sitwayen Ameriken oswa si li pa gen risk pou yo depòte l oswa arete l **epi** si se li ki responsab pitit ou a oswa si li gen dwa vizit (yo rele li vizit tou) pitit ou a. Sa a se paske lalwa deklare ke se lòt paran pitit ou a k ap gen responsablite pitit ou a, sof si gen yon òdonans tribinal ki di yon lòt bagay.

Ou ka bezwen fòmilè sa yo tou si pa gen non okenn lòt paran sou sètifika nesans timoun nan, si pa gen okenn moun ki te siyen yon atestasyon patènite, oswa si yon tribinal pa t di kiyès ki lòt paran an. Yon tribinal ta ka di sa nan yon òdonans pou titèl, yon jijman pou divòs, yon òdonans pou vizit, oswa yon jijman pou adopsyon.

## **Ki moun mwen ta dwe nonmen kòm mandatè/POA mwen?**

Moun ou chwazi a ta dwe yon moun ou konnen epi ou fè konfyans pou bay pitit ou bonjan swen. Asire w ke w pale ak moun ou vle chwazi a pou w wè si moun sa a vle ak si li kapab pran swen pitit ou a.

## **Si m siyen fòmilè sa yo, èske sa vle di pitit mwen yo p ap sou responsablite m ankò?**

NON. Dokiman yo pèmèt lòt moun nan pran swen pitit ou yo sèlman si yo mete w nan prizon oswa depòte w. Ou ka anile oswa revoke dokiman sa yo alavni.



# Power of Attorney Forms Fòmilè Pwokirasyon



*Nan lang Kreyòl Ayisyen: Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo nan lang Kreyòl Ayisyen nan paj ki annapre a.*

## How to Fill out this form

### 1. Review the forms.

Read and understand the document before you sign it. If you have questions about the form or other options for your children, don't sign the forms and talk to a qualified attorney.

You can find legal help at <https://indianalegalhelp.org/get-help/>. Indiana Legal Services gives free legal help. Applications for legal help can be made by Calling 1- 844-243-8570, Monday through Thursday 10 am to 2 pm EST, or Online anytime Monday through Friday at <https://www.indianalegalservices.org/applyonline>.

### 2. Fill out the form everywhere you see this

Use people's full legal names. The name on the form should match the person's birth certificate, driver's license, or other government ID. Do not use nicknames on the forms.

An alternate (successor) attorney in fact is a person who will act if your first-choice attorney in fact is unable or unwilling. You do need to pick a successor attorney in fact if you have someone who agrees to act as a backup attorney in fact.

### 3. Do not Sign the Forms Until You Are In Front of a Notary Public!

The form must be signed in front of a notary public. A notary public is not the same as a "notario." In the United States, a notary public certifies official documents and is usually not a lawyer. Notaries public who are not a lawyer cannot give legal advice. Do not rely on legal advice from a notary public that is not a lawyer.

You can find a notary at most banks. Some notaries will charge a fee to notarize, but it can't be more than \$10 per signature. For these documents, you should not be charged more than \$10.00. You will need to take a photo ID with you when you go to have the form notarized.



# Power of Attorney Forms Fòmilè Pwokirasyon



## Fason pou Ranpli fòmilè sa a

### 4. Revize fòmilè yo.

Li epi konprann dokiman an anvan ou siyen l. Si w gen kesyon konsènan fòmilè a oswa sou lòt opsyon ki genyen pou pitit ou yo, pa siyen fòmilè yo epi pale ak yon avoka ki kalifye.

Ou ka jwenn èd jiridik nan <https://indianalegalhelp.org/get-help/>. Indiana Legal Services bay èd jiridik gratis. Ou ka aplike pou èd jiridik lè w Rele 1-844-243-8570, lendi rive jedi 10 am jiska 2 pm Lè Zòn Lès, oswa sou Entènèt nenpòt lè lendi rive vandredi nan <https://www.indianalegalservices.org/applyonline>.

### 5. Ranpli fòmilè a tout kote ou wè sa a

Itilize non konplè legal moun yo. Non ki sou fòmilè a ta dwe menm ak non ki sou sètifika nesans moun nan, lisans chofè li oswa lòt pyès idantifikasyon gouvènman bay. Pa itilize sinon sou fòmilè yo.


Yon lòt mandatè (ranplasan) se yon moun ki pral aji si mandatè ou te chwazi anvan pa kapab oswa pa vle aji. Ou bezwen chwazi yon mandatè ranplasan si ou gen yon moun ki dakò aji kòm mandatè pou ranplase lòt la.

### 6. Pa Siyen Fòmilè yo Toutotan W pa devan yon Notè Piblik!

Yo dwe siyen fòmilè a devan yon notè piblik. Yon notè piblik pa menm ak yon “notario.” Ozetazini, yon notè piblik sètifye dokiman ofisyèl yo epi anjeneral se pa avoka li ye. Notè piblik ki pa yon avoka pa ka bay konsèy jiridik. Pa konte sou konsèy jiridik yon notè piblik ki pa yon avoka.

Ou ka jwenn yon notè nan pifò bank yo. Gen kèk notè ki pral chaje yon frè pou notarye, men li pa kapab plis pase \$10 pou chak siyati. Pou dokiman sa yo, yo pa dwe fè w peye plis pase \$10.00. W ap bezwen mache ak yon pyès idantifikasyon ki gen foto, lè w al bay notarye fòmilè a.













**Power of Attorney Delegating Parental Powers for Minor Child(ren)  
Pwokirasyon ki Delege Pouvwa Parantal pou Timoun Minè a (yo)**

OF/ POU:  \_\_\_\_\_  
Name of Parent/Principal / *Non Paran/Responsab Legal la*

TO/ BAY:  \_\_\_\_\_  
Name of Attorney in Fact / *Non Mandatè a*

I, as principal and as the parent of the minor child or children named below, designate the person named above to be my attorney in fact. Under Indiana Code § 29-3-9-1, I delegate to the attorney in fact any and all parental powers regarding the health care, support, custody, education, and property for the child or children named below except the power to consent to the marriage or adoption of the child or children named below. The child or children named below shall be collectively referred to in this Power of Attorney as the “Child(ren)”.

*Mwen menm, antanke responsab legal epi antanke paran timoun minè a oswa timoun minè yo ki nonmen anba a, mwen deziyen moun ki site pi wo a kòm mandatè mwen. Dapre Kòd § 29-3-9-1 Indiana, mwen delege bay mandatè a nenpòt ak tout pouvwa parantal konsènan swen sante, sipò, responsablite, edikasyon, ak pwopriyete pou timoun nan oswa timoun yo ki nonmen anba a sof pouvwa pou bay konsantman pou maryaj oswa adopsyon timoun nan oswa timoun yo ki nonmen anba a. Nan Pwokirasyon sa a, yo dwe deziyen anmenm tan timoun nan oswa timoun yo ki endike anba la a kòm “Timoun nan (yo)”.*

<b>Name of Child / <i>Non Timoun nan</i></b>	<b>Date of Birth of Child / <i>Dat Nesans Timoun nan</i></b>
	
	
	
	
	
	

Contact information for attorney in fact (a change in contact information does not invalidate this Power of Attorney): *Enfòmasyon kontak pou mandatè a (si enfòmasyon kontak la chanje, sa pa anile Pwokirasyon sa a):*



---

The express purpose of this Power of Attorney is to allow the attorney in fact to do all things necessary for the Child(ren)'s care. This delegation of parental power includes but is not limited to the following powers:

*Objektif espesifik Pwokirasyon sa a bay mandatè a otorizasyon pou li fè tout sa ki nesèsè pou swen Timoun nan (yo). Delegasyon pouvwa parantal sa a gen ladan, men se pa sa sèlman, pouvwa sa yo:*

1. All medical, dental, and other health care-related matters, including but not limited to consenting to medical treatment and authorization to receive all medical records and information. The attorney in fact shall have general authority with respect to all health care matters for the Child(ren) as described in Indiana Code § 30-5-5-16, and I appoint the attorney in fact to serve as the health care representative for the Child(ren) pursuant to Indiana § Code 16-36-1, et seq.

*Tout sa ki gen rapò ak swen medikal, dantè, ak lòt sa ki gen rapò ak swen sante, ki gen ladan men ki pa sèlman genyen konsantman pou tretman medikal ak otorizasyon pou resevwa tout dosye ak enfòmasyon medikal. Mandatè a dwe gen otorite jeneral sou tout sa ki gen rapò ak swen sante pou Timoun nan (yo) jan sa dekri nan Kòd § 30-5-5-16 Indiana, epi mwen deziyen mandatè a kòm reprezantan swen sante pou Timoun nan (yo) dapre § Kòd 16-36-1 Indiana, et seq.*

2. All education and school-related matters, including but not limited to enrolling the Child(ren) in school and school-related programs, attending school functions and meetings, authorization to sign consent and waiver forms, and authorization to receive all school-related documents and information.

*Tout sa ki gen rapò ak edikasyon ak lekòl, ki gen ladan men pa sèlman enskri Timoun nan (yo) lekòl ak nan pwogram ki gen rapò ak lekòl, patisipasyon nan aktivite ak reyinyon lekòl, otorizasyon pou siyen fòm konsantman ak egzansyon, ak otorizasyon pou resevwa tout dokiman ak enfòmasyon ki gen rapò ak lekòl.*

3. All matters related to Medicaid, Hoosier Healthwise, or any other health insurance, Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP) benefits, Social Security and Supplemental Security Income (SSI) benefits, and all other benefits for the Child(ren). The attorney in fact shall be appointed as the authorized representative for any such benefits for the Child(ren).

*Tout sa ki gen rapò ak Medicaid, Hoosier Healthwise, oswa nenpòt lòt asirans sante, avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP), avantaj Sekirite Sosyal ak Revni Sekirite Sipleman (SSI), ak tout lòt avantaj pou Timoun nan (yo). Yo dwe nonmen mandatè a kòm reprezantan otorize pou nenpòt avantaj sa yo pou Timoun nan (yo).*

4. Travel with the Child(ren), including travel outside of the United States of America. The attorney in fact has permission and authority to apply for a passport, visa, and any other travel document for the Child(ren).

*Vwayaje ak Timoun nan (yo), ki gen ladan vwayaj andeyò Etazini Damerik. Mandatè a gen pèmisyon ak otorizasyon pou li aplike pou yon paspò, viza, ak nenpòt lòt dokiman vwayaj pou Timoun nan (yo).*

5. Any and all other actions that may be necessary for the care and benefit of the Child(ren), except the power to consent to the marriage or adoption of the Child(ren).

*Nenpòt ak tout lòt aksyon ki ka nesèsè pou swen ak avantaj Timoun nan (yo), sof pouvwa pou bay konsantman pou maryaj oswa adopsyon Timoun nan (yo).*

This Power of Attorney shall become effective immediately upon: 1) my detention by U.S. immigration authorities or by any other federal, state or local law enforcement authorities, or 2) my deportation (removal) from the United States of America. A statement by the attorney in fact that any of the preceding events have occurred shall be sufficient to verify that this Power of Attorney is in effect. This Power of Attorney shall be effective for a period of twelve (12) months after its effective date.

*Pwokirasyon sa a ap vin anvigè imedyatman apre: 1) otorite imigrasyon Etazini yo oswa nenpòt lòt otorite ki fè respekte lalwa nan nivo federal, eta oswa lokal mete m nan detansyon, oswa 2) yo depòte m (ekspilse m) andeyò Etazini Damerik. Yon deklarasyon mandatè a ki di ke nenpòt nan evènman anvan yo te rive dwe yon prèv sifizan pou verifye ke Pwokirasyon sa a an vigè. Pwokirasyon sa a ap an vigè pou yon peryòd douz (12) mwa apre dat li an vigè a.*

I am not waiving or surrendering any parental rights or authority that I have regarding the Child(ren) by executing this Power of Attorney. I reserve unto myself the power to act on my own behalf regarding the Child(ren). I may revoke or amend this Power of Attorney at any time by signing a written document that revokes or amends this Power of Attorney.

*Lè mwen siyen Pwokirasyon sa a, mwen p ap renonse oswa abandone okenn dwa parantal oswa otorite mwen genyen konsènan Timoun nan (yo). Mwen rezève tèt mwen pouvwa pou m aji nan pwòp non pa m konsènan Timoun nan (yo). Mwen ka anile oswa modifye Pwokirasyon sa a nenpòt ki lè, lè mwen siyen yon dokiman alekri ki anile oswa modifye Pwokirasyon sa a.*

The attorney in fact does not have authority to consent to adoption or marriage of the Child(ren). *Mandatè a pa gen otorizasyon pou li bay konsantman pou adopsyon oswa maryaj Timoun nan (yo).*

The attorney in fact shall communicate with me regarding the Child(ren), and shall ensure that the Child(ren) communicate with me, at all times to the extent reasonably possible. The attorney in fact shall provide me with the current address and other contact information of the Child(ren) and the attorney in fact at all times.

*Mandatè a dwe kominike avèk mwen konsènan Timoun nan (yo), epi li dwe asire l ke timoun nan (yo) toujou kominike avèk mwen, nan tout fason rezonab ki posib. Mandatè a dwe toujou ban mwen adrès aktyèl li ak lòt enfòmasyon kontak Timoun nan (yo) ak mandatè a.*

If it becomes necessary to file a petition for guardianship of the Child(ren), then I request that the attorney in fact in this Power of Attorney be named as the Child(ren)'s guardian, to serve



without bond as may be permitted by law.

*Si li vin nesesè pou depoze yon petisyon pou titèl Timoun nan (yo), alòs, mwen mande pou yo nonmen mandatè ki nan Pwokirasyon sa a kòm responsab legal Timoun nan (yo), pou li egzèse fonksyon li an tout libète jan lalwa ta pèmèt sa.*



\_\_\_\_\_  
Name of Successor Attorney in Fact / *Non Mandatè Ranplasan*

If the primary attorney in fact fails to serve or ceases to serve as the attorney in fact, then I designate the person named above to be my successor attorney in fact with all of the powers granted by this Power of Attorney document to my original attorney in fact.

*Si mandatè prensipal la pa egzèse fonksyon l oswa li sispann egzèse fonksyon l antanke madatè, alòs, mwen nonmen moun ki site pi wo a kòm mandatè ranplasan mwen epi li gen tout pouvwa dokiman Pwokirasyon sa a bay mandatè prensipal mwen an.*

\_\_\_\_\_  
Principal's Signature  
*Siyati Responsab Legal la*

\_\_\_\_\_  
Date  
*Dat*

STATE OF INDIANA, COUNTY OF \_\_\_\_\_:  
*ETA INDIANA, KONTE*

Before me, a Notary Public in and for said County and State, personally appeared the principal named above who signed the foregoing Power of Attorney in my presence and acknowledged the execution of it as a free and voluntary act on this \_\_\_\_\_ day of \_\_\_\_\_, 20\_\_.

*Devan mwen menm, yon Notè Piblik nan ak pou Konte ak Eta sa a, te prezante pèsonèlman responsab legal ki site pi wo a ki te siyen Pwokirasyon ki pi wo a nan prezans mwen epi ki rekonèt li siyen l an tout libète epi ak tout volonte l nan jou ki \_\_\_\_\_, 20\_\_.*

\_\_\_\_\_  
Signature of Notary Public  
*Siyati Notè Piblik la*

My Commission Expires: \_\_\_\_\_  
*Komisyon mwen an ap ekspire:*

\_\_\_\_\_  
Printed Name of Notary Public  
*Non Notè Piblik la An Gwo Karaktè*

Resident of \_\_\_\_\_ County, IN.  
*Rezidan nan \_\_\_\_\_ Konte, IN.*



# Other Safety Planning Lòt Plan Sekirite



*Nan lang Kreyòl Ayisyen: Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo nan lang Kreyòl Ayisyen nan paj ki annapre a.*

## What to do after you sign the power of attorney form

After the form is notarized, it is official! You don't need to give a copy to a court or the government, but you should:

1. Give a copy of the form to the attorney in fact.
2. Keep the original copy of the form in a safe place. It is a good idea to save a clear picture of the form in your email, phone, or cloud storage.

Even though this form is official, you or the attorney in fact may need other forms later. If your child goes to public school, the attorney in fact will need an Indiana Department of Education Form 2 to enroll the child in school. That form is at <https://www.in.gov/doe/home/other-legal-forms>. There are separate forms to get a passport and to travel outside of the United States

### How long does this form last?

The form lasts for 12 months from when you are detained or deported. This means you may need to sign new forms if you are detained and then released. If you sign new forms, destroy all old documents.

### Can I change my mind?

YES. You may revoke (or end) this document at any time in writing. This is called a revocation. To revoke the POA:

1. Write "I now revoke the Power of Attorney Delegating Parental Powers for Minor Child that I granted to [insert name of attorney in fact] and that I signed on [insert the date that you previously signed the Power of Attorney document], effective immediately."
2. Sign and print your name and write the date on which you are signing the revocation.
3. Give a copy of this written revocation to the attorney in fact. The Power of Attorney will not be revoked until you tell the attorney in fact that it has been revoked.
4. Give a copy of the written revocation to your child(ren)'s school and doctors if they were given a copy of the power of attorney by you or the attorney in fact.



## Other Safety Planning Lòt Plan Sekirite



**If you are undocumented or at risk of detention or deportation, here are some things you can do to protect yourself and your family.**

### **What else can I do for my children?**

- ✓ Make a list of people to call in case of an emergency, including attorneys and consulates.
- ✓ Give the attorney in fact your child(ren)'s medical information like the food and medicine your child is allergic to, the medicines your child takes, the name of your child's doctors, and when your child's next checkups are due.
- ✓ Give the attorney in fact your child(ren)'s school information like how to contact the school, who their teachers are, and routines for your children.
- ✓ Let the attorney in fact know things that will help your child(ren) adjust like their favorite foods, toy, and hobbies.
- ✓ Make sure schools have updated emergency contact information.
- ✓ Get US-born children Passports and register their birth with your consulate.
- ✓ Have a list of your and your family's non-citizen numbers. This is a nine-digit number beginning with an "A". You can use this number to locate people who have been detailed [at https://locator.ice.gov/odls/#/search](https://locator.ice.gov/odls/#/search)

**Collect and organize documents you will need if you are detained or deported and keep an electronic copy on your phone, email or cloud storage.**

- ✓ Identification like passports, photo IDs and birth certificates
- ✓ Immigration Records, including applications or notices from immigration authorities
- ✓ Medical Records, including prescription information, treatment and medical conditions
- ✓ Financial Records like Bank statements, pay stubs and tax filings. Set up online banking
- ✓ Legal Records such as Marriage certificates, divorce orders, custody agreements



## Other Safety Planning Lòt Plan Sekirite



---

### **Carry proof of your immigration status or pending application**

This can be a LPR/"green card" or approval notice or work authorization.

**Do not carry a foreign passport if you do not have lawful immigration status in the US.**

### **Beware of notaries**

In the United States, a notary public certifies official documents but usually are not a lawyer. Do not rely on legal advice from a notary public that is not an attorney. You see if someone is a licensed Indiana Attorney at <https://courtapps.in.gov/rollofattorneys>

### **Attend all immigration court hearings**

Those who have hearings set in immigration court must attend. But only people who are in proceedings should go. Do not bring people to court who do not have lawful immigration status. You can check the status of immigration court hearings at <https://acis.eoir.justice.gov/en/>



## Other Safety Planning Lòt Plan Sekirite



### Kisa pou w fè apre w fin siyen fòmilè pwokirasyon an

Apre fòmilè a fin notarye, li ofisyèl! Ou pa bezwen bay yon tribinal oswa gouvènman an yon kopi, men ou ta dwe:

1. Bay mandatè a yon kopi fòmilè a.
2. Kenbe kopi orijinal la yon kote ki an sekirite. Se yon bon ide pou konsève yon foto klè fòmilè a nan imèl ou, telefòn ou, oswa espas estokaj anliy ou.
3. Menmsi fòmilè sa a ofisyèl, oumenm oswa mandatè w la ka bezwen lòt fòmilè alavni. Si se nan lekòl leta pitit ou a ale, mandatè a ap bezwen yon Fòmilè 2 Depatman Edikasyon Indiana pou li enskri timoun nan lekòl. W ap jwenn fòmilè sa nan <https://www.in.gov/doi/home/other-legal-forms>. Gen fòmilè apa pou jwenn yon paspò ak pou vwayaje andeyò Etazini

#### Konbyen tan fòmilè sa a dire?

Fòmilè a valab pou 12 mwa apati lè yo arete w oswa depòte w la. Sa vle di ou ka bezwen siyen nouvo fòmilè si yo arete w epi apres a yo lage w. Si w siyen nouvo fòmilè, detwi tout ansyen dokiman yo.

#### Èske mwen ka chanje lide?

Wi. Ou ka anile (oswa sispann) dokiman sa a nenpòt ki lè alekri. Yo rele sa yon anilasyon. Pou anile POA a:

1. Ekri “Kounye a, mwen anile Pwokirasyon ki Delege Pouwa Parantal pou Timoun Minè a ke mwen te akòde bay [mete non mandatè a] e ke mwen te siyen nan dat [mete dat ou te siyen dokiman Pwokirasyon an anvan sa], li efektif imedyatman.”
2. Siyen epi ekri non w an gwo karaktè epi ekri dat w ap siyen anilasyon an.
3. Bay mandatè yon kopi anilasyon ekri sa a. Pwokirasyon an p ap anile toutotan ou pa di mandatè a ke ou te anile li.
4. Bay lekòl ak doktè pitit ou a (yo) yon kopi anilasyon ekri a si oumenm oswa mandatè a te ba yo yon kopi pwokirasyon an.



## Other Safety Planning Lòt Plan Sekirite



**Si w pa gen papye oswa ou riske detansyon oswa depòtasyon, men kèk bagay ou ka fè pou pwoteje tèt ou ak fanmi w.**

**Ki lòt bagay mwen ka fè pou pitit mwen yo?**

- ✓ Fè yon lis moun pou rele si ta gen yon ijans, tankou avoka ak konsil.
- ✓ Bay mandatè a enfòmasyon medikal pitit ou a (yo), tankou manje ak medikaman pitit ou a fè alèji ak yo, medikaman pitit ou a pran, non doktè pitit ou a, ak dat pwochen vizit doktè pitit ou a.
- ✓ Bay mandatè a enfòmasyon lekòl pitit ou a (yo), tankou kijan pou kontakte lekòl la, kiyès ki pwofesè yo, ak woutin pou pitit ou a (yo).
- ✓ Fè mandatè a konnen bagay ki pral ede pitit ou a (yo) adapte yo tankou manje, jwèt, ak pastan yo pi pito yo.
- ✓ Asire w ke lekòl yo gen enfòmasyon ki ajou konsènan moun pou kontakte nan ka ijans.
- ✓ Pran Paspò pou timoun ki fèt Ozetazini yo epi anrejistre nesans yo nan konsila w la.
- ✓ Mache ak yon lis nimewo idantifikasyon etranje pa w ak pa fanmi w. Sa a se yon nimewo nèf chif ki kòmanse ak yon "A". Ou ka sèvi ak nimewo sa a pou jwenn moun yo dekri nan <https://locator.ice.gov/odls/#/search>

**Rasanble epi òganize dokiman w ap bezwen si yo arete w oswa depòte w yo epi kenbe yon kopi elektwonik sou telefòn ou, imèl ou oswa espas estokaj anliy ou.**

- ✓ Dokiman idantifikasyon tankou paspò, pyès idantite ki gen foto epi sètifika nesans
- ✓ Dosye Imigrasyon, tankou aplikasyon oswa avi ki soti nan men otorite imigrasyon yo
- ✓ Dosye Medikal, ki gen ladan enfòmasyon sou preskripsyon, tretman ak kondisyon medikal
- ✓ Dosye Finansye tankou deklarasyon Labank, souch peman ak deklarasyon taks. Konfigire sèvis bankè a sou entènèt
- ✓ Dosye Jiridik tankou sètifika Maryaj, òdonans pou divòs, akò pou titèl



## Other Safety Planning Lòt Plan Sekirite



**Mache ak prèv estati imigrasyon w oswa aplikasyon w genyen ki annatant**

Sa a kapab yon LPR/"grinkat" oswa avi apwobasyon oswa otorizasyon travay.

**Pa mache ak yon paspò etranje si ou pa gen estati imigrasyon legal nan Etazini.**

### **Pran prekosyon nou ak notè yo**

Ozetazini, yon notè piblik sètifye dokiman ofisyèl men anjeneral se pa avoka yo ye. Pa konte sou konsèy jiridik yon notè piblik ki pa yon avoka. Ou kapab wè si yon moun se yon Avoka otorize nan Indiana nan

<https://courtapps.in.gov/rollofattorneys>

### **Patisipe nan tout odyans tribinal imigrasyon yo**

Moun ki gen odyans ki prevwa fèt nan tribinal imigrasyon dwe ale ladan yo. Men se sèlman moun ki nan pwosedi yo ki ta dwe ale ladan yo. Si yon moun pa gen estati imigrasyon legal, pa mache avè l nan tribinal la. Ou ka verifye estati odyans tribinal imigrasyon yo nan

<https://acis.eoir.justice.gov/en/>

## Know Your Rights Under the U.S. Constitution - No Matter Who is President

Last updated April 2024

---

No matter who is president, *everyone living in the U.S. has certain basic rights* under the U.S. Constitution. Undocumented immigrants have these rights, too. It is important that we all assert and protect our basic rights.

If you find you have to deal with Immigration and Customs Enforcement (ICE) or other law enforcement officers at home, on the street, or anywhere else, remember that you have the rights described in this factsheet. The factsheet also provides suggestions for what you should do to assert your rights.

- ▶ **You have the right to remain silent. You may refuse to speak to immigration officers.**
  - ▶ Don't answer any questions. You may also say that you want to remain silent.
  - ▶ Don't say anything about where you were born or how you entered the U.S.
  
- ▶ **Carry a know-your-rights card and show it if an immigration officer stops you.**
  - ▶ The card explains that you will remain silent and that you wish to speak with an attorney. You can use the card attached below.
  
- ▶ **Do not open your door.**
  - ▶ To be allowed to enter your home, ICE must have a warrant signed by a judge. Do not open your door unless an ICE agent shows you a warrant. (They almost never have one). If an ICE agent wants to show you a warrant, they can hold it against a window or slide it under the door. To be valid, the warrant must have your correct name and address on it.





- ▶ You do not need to open the door to talk with an ICE agent. Once you open the door, it is much harder to refuse to answer questions.
  
- ▶ **You have the right to speak to a lawyer.**
  - ▶ You can simply say, “I need to speak to my attorney.”
  - ▶ You may have your lawyer with you if ICE or other law enforcement questions you.
  
- ▶ **Before you sign anything, talk to a lawyer.**
  - ▶ ICE may try to get you to sign away your right to see a lawyer or a judge. Be sure you understand what a document actually says *before* signing it.
  
- ▶ **Always carry with you any valid immigration document you have.**
  - ▶ For example, if you have a valid work permit or green card, be sure to have it with you in case you need to show it for identification purposes.
  - ▶ Do not carry papers from another country with you, such as a foreign passport. Such papers could be used against you in the deportation process.
  
- ▶ **If you are worried ICE will arrest you, let the officer know if you have children.**
  - ▶ If you are the parent or primary caregiver of a U.S. citizen or permanent resident who is under age 18, ICE *may* “exercise discretion” and let you go.

**ICE and other law enforcement officers may think they can get away with violating your rights.** Sometimes ICE officers lie to people to get them to open their doors or sign away their rights. If ICE detains you or you are concerned that they will conduct raids in your area, this is what you can do:

- ▶ **Create a safety plan.**
  - ▶ Memorize the phone number of a friend, family member, or attorney that you can call if you are arrested.



- ▶ If you take care of children or other people, make a plan to have them taken care of if you are detained.
- ▶ Keep important documents such as birth certificates and immigration documents in a safe place where a friend or family member can access them if necessary.
- ▶ Make sure your loved ones know how to find you if you are detained by ICE. They can use ICE's online detainee locator (<https://locator.ice.gov/odls/homePage.do>) to find an adult who is in immigration custody. Or they can call the local ICE office (<https://www.ice.gov/contact/ero>). Make sure they have your *alien registration number* written down, if you have one.
- ▶ You can call the Executive Office for Immigration Review (EOIR) hotline number at 1-800-898-7180 (toll-free) 24 hours a day, 7 days a week to get information on your case's status.
  
- ▶ **Report and document raids and arrests.**
  - ▶ If it is possible and safe for you to do so, take photos and videos of the raid or arrest. Also take notes on what happened.
  - ▶ Call United We Dream's hotline to report a raid: 1-844-363-1423.
  - ▶ Send text messages to 877877.
  
- ▶ **Find legal help.**
  - ▶ Nonprofit organizations that provide low-cost help can be found at [www.immigrationlawhelp.org](http://www.immigrationlawhelp.org).
  - ▶ The immigration courts have a list of lawyers and organizations that provide free legal services: [www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers-map](http://www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers-map).
  - ▶ At <https://www.immi.org/en/Info/FindLegalHelp> there is a search engine into which you type a zip code and then are given a list of all the legal services near you.
  - ▶ You can search for an immigration lawyer using the American Immigration Lawyers Association's online directory, [www.aialawyer.com](http://www.aialawyer.com).



- ▶ The National Immigration Project of the National Lawyers Guild also has an online find-a-lawyer tool: <https://nipnlg.org/work/find-attorney>.

### **KNOW YOUR RIGHTS!**

If you are stopped by immigration or the police:

- ▶ Hand this card to the officer and remain silent.
- ▶ The card explains that you are exercising your right to refuse to answer any questions until you have talked with a lawyer.

#### **To: Immigration or Other Officer**

Right now I am choosing to exercise my legal rights.

- ▶ I will remain **silent**, and I refuse to answer your questions.
- ▶ If I am detained, I have the right to contact an attorney **immediately**.
- ▶ I refuse to sign anything without advice from an attorney.

Thank you.



## **Konnen Dwa Ou Selon Konstitisyon Etazini an - Kèlkeswa ki Moun ki Prezidan**

**Dènnye mizajou Avril 2024**

---

Kèlkeswa moun ki prezidan, *tout moun k ap viv Ozetazini gen sèten dwa debaz* selon Konstitisyon Etazini an. Imigran ki san papyè gen dwa sa yo tou. Li enpòtan pou nou tout nou revandike ak pwoteje dwa fondamantal nou yo.

Si w remake ou dwe fè fas ak Ajan Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) oswa lòt ajan fòslòd yo lakay ou, nan lari a oswa nenpòt lòt kote, sonje ou gen dwa ki dekri nan fich enfòmasyon sa a. Fich enfòmasyon an bay konsèy tou sou sa ou ta dwe fè pou reklame dwa w.

- ▶ **Se dwa w pou w rete an silans. Ou ka refize pale ak ajan imigrasyon yo.**
  - ▶ Pa reponn okenn kesyon. Ou ka di tou ou vle rete an silans.
  - ▶ Pa di anyen sou kote ou te fèt la oswa sou fason ou te antre Ozetazini
  
- ▶ **Mache ak yon kat know-your-rights (konnen dwa ou) epi si yon ajan imigrasyon kanpe w montre l kat la.**
  - ▶ Kat la eksplike ke w ap rete an silans epi ou vle pale ak yon avoka. Ou ka itilize kat ki anba a nan dokiman sa.
  
- ▶ **Pa louvri pòt ou.**
  - ▶ Pou yo kapab antre lakay ou, ICE dwe gen yon manda ke yon jij siyen. Pa louvri pòt ou sof si yon ajan ICE montre w yon manda. (Yo prèske pa janm gen youn). Si yon ajan ICE vle montre w yon manda, yo ka apiye l sou yon fenèt oswa glise l anba pòt la. Pou li valab, manda a dwe genyen non ou ak adrès kòrèk ou sou li.



- ▶ Ou pa bezwen ouvri pòt la pou w pale ak yon ajan ICE. Yon fwa ou louvri pòt la, li pi difisil pou refize reponn kesyon yo.
  
- ▶ **Se dwa w pou w pale ak yon avoka.**
  - ▶ Ou ka jis di, “Mwen bezwen pale ak avoka mwen an.”
  - ▶ Avoka w la kapab la ansanm avèk ou si ICE oswa lòt otorite lalwa ap poze w kesyon.
  
- ▶ **Anvan ou siyen yon bagay, pale ak yon avoka.**
  - ▶ ICE ka eseye fè w renonse ak dwa ou genyen pou w wè yon avoka oswa yon jij. Asire w konprann kisa yon dokiman eksplike tout bon vre *anvan* ou siyen li.
  
- ▶ **Toujou mache ak nenpòt dokiman imigrasyon ou genyen ki valab.**
  - ▶ Pa egzanp, si w gen yon pèmi travay oswa yon grinkat ki valab, asire w genyen l avèk ou sizoka ou bezwen montre l pou idantifye w.
  - ▶ Pa mache ak papye ki soti nan yon lòt peyi, tankou yon paspò etranje. Yo ka itilize papye sa yo kont ou nan pwosesis depòtasyon an.
  
- ▶ **Si w gen enkyetid ICE ap arete w, fè ajan an konnen si w gen timoun.**
  - ▶ Si w se paran oswa moun prensipal k ap pran swen yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan ki poko gen 18 lane, ICE ka “aji ak diskresyon” epi kite w ale.

**ICE ak lòt ajan fòslòd yo ka panse yo ka chape kò yo lè yo vyole dwa w.** Pafwa ajan ICE yo bay moun manti pou fè yo louvri pòt yo oswa renonse ak dwa yo. Si ICE arete ou oswa ou gen enkyetid yo pral vini nan zòn ou an, men sa ou ka fè:

- ▶ **Kreye yon plan sekirite.**
  - ▶ Kenbe nan tèt ou nimewo telefòn yon zanmi, yon manm fanmi, oswa yon avoka ou ka rele si yo arete w.



- ▶ Si w ap pran swen timoun oswa lòt moun, fè yon plan pou yo pran swen yo si yo arete w.
- ▶ Kenbe dokiman enpòtan tankou sètifika nesans ak dokiman imigrasyon yo yon kote ki an sekirite kote yon zanmi oswa yon manm fanmi ka jwenn yo si sa nesèsè.
- ▶ Asire w ke moun pwòch ou yo konnen kijan pou yo jwenn ou si ICE arete w. Yo ka itilize lokalizatè sou entènèt pou moun ICE arete yo (<https://locator.ice.gov/odls/homePage.do>) pou jwenn yon adilt ki nan prizon imigrasyon. Oswa yo ka rele biwo lokal ICE la (<https://www.ice.gov/contact/ero>). Si w genyen yon *nimewo anrejistreman etranje*, asire w ekri l yon kote.
- ▶ Ou ka rele nimewo liy asistans Biwo Egzekitif pou Revizyon Demann sou Zafè Imigrasyon an (EOIR) nan 1-800-898-7180 (gratis) 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn pou jwenn enfòmasyon sou estati dosye w la.
  
- ▶ **Rapòte epi anrejistre pèkizasyon ak arestasyon yo.**
  - ▶ Si li posib epi si li san danje pou ou fè sa, pran foto epi fè videyo pèkizasyon an oswa arestasyon an. Epi tou pran nòt sou sa ki te pase a.
  - ▶ Rele liy asistans United We Dream nan pou rapòte yon pèkizasyon: 1-844-363-1423.
  - ▶ Voye mesaj tèks nan 877877.
  
- ▶ **Jwenn èd jiridik.**
  - ▶ Ou ka jwenn òganizasyon ki pa travay pou fè lajan ki bay èd a ba pri nan [www.immigrationlawhelp.org](http://www.immigrationlawhelp.org).
  - ▶ Tribinal imigrasyon yo gen yon lis avoka ak òganizasyon ki bay sèvis jiridik gratis: [www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers-map](http://www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers-map).
  - ▶ Nan <https://www.immi.org/en/Info/FindLegalHelp> gen yon motè rechèch kote w tape yon kòd postal epi yo ba w yon lis tout sèvis jiridik ki toupre w yo.
  - ▶ Ou ka chèche yon avoka imigrasyon gras ak anyè sou entènèt Asosyasyon Ameriken Avoka Imigrasyon an (American Immigration Lawyers Association), [www.aialawyer.com](http://www.aialawyer.com).



- ▶ Pwojè Nasyonal sou Imigrasyon Asosyasyon Nasyonal Avoka a ( National Immigration Project of the National Lawyers Guild) gen yon zouti tou pou jwenn yon avoka sou entènèt:  
[https://nipnlg.org/work/find- attorney](https://nipnlg.org/work/find-attorney).

### **KONNEN DWA OU!**

Si imigrasyon oswa lapolis kanpe w:

- ▶ Remèt ajan an kat sa a epi rete an silans.
- ▶ Kat la eksplike w ap egzèse dwa w pou refize reponn nenpòt kesyon toutotan ou pa pale ak yon avoka.

### **Pou: Imigrasyon oswa Lòt Ajan**

Kounye a mwen chwazi egzèse dwa legal mwen yo.

- ▶ Mwen pral rete **an silans**, epi mwen refize reponn kesyon ou yo.
- ▶ Si yo arete m, se dwa m pou mwen kontakte yon avoka **imedyatman**.
- ▶ Mwen refize siyen nenpòt bagay la san konsèy yon avoka.

Mèsi.